Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 21 (7317)
18 Май 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

РДялъул Правительствалда

## Чиновниказе гІадлу гьаби унеб буго



**Чанго анцІго РДялъул Правительствалъул чиновниказе выговорал щвана щолеб мухь бахчиялъе гІоло. Гьезул цо-цоял хайир гьечІеб хІалтІуе гІоло хІалтІудаса эркенцин гьаруна. БетІерасул ва Правительствалъул администрациялъул божарав чиясдасан гьедин хъвалеб буго гьал къоязда СМИялъ.**

Хал гьабиялъул хІасилазда рекъон тІуразарулел рукІарал хъулухъаздаса эркен гьарун руго республикаялъул БетІерасул гІакълучи Ш. МуртазагІалиев, РДялъул Правительствалъул гІакълучи Р. Идрисов ва А. ГІумаров, гІуцІиялъулгун проектнияб управлениялъул отделалъул начальникасул зам. К. Керимов, коррупциялде данде къеркьеялъул управлениялъул консультант М. МухІамадов.

ХІалтІулъ риччарал дандеккунгутІабазе гІоло хасаб документациялъул хІалтІи гьабиялъул ва цІуниялъул отделалъул начальник Ю. Пономаревасда кьварун лъазабуна. Гьединго выговорал щвана РДялъул БетІерасул ва Правительствалъул къогоялдаса цІикІкІун чиновникасе.

## Иргадулаб гуреб заседание



I5 маялда тІобитІана саназде рахинчІел лъималазулгун хІалтІи гьабиялъул комиссиялъул заседание. Гьенир гІахьаллъана киналго иш тІаде кколел гІадамал.

Балагьиялде росун рукІана: I). Органазгун учреждениязда балагьизе чи гьечІел лъимал такъсиралдаса цІуниялъе гьабулеб хІалтІул. 2). Риидал лъи-малазул хІалхьи гІуцІиялде НВФялъул членазул, гьединго профилактическияб учеталда ругел лъимал гІахьал гьариялъул. 3). ГІолеб гІел захІмалъабаздаса хадур жалго жидецаго чІваялдаса (суицид) цІуниялъул рахъалъ лъазабиги.

Заседаниялда кІалъалаго П. НурмухІамадовалъ бихьизабуна риидалил лагеразде НВФялъул членазул гьединго профучеталда ругел лъимал рачине ругин. Гьедиго заседаниялда балагьана I6 сон бачІел лъималаз гІадлу хвезабиялъул ишал риччаялъул административиял делабазухъ.

Данде кколел хІукмаби къабул гьаруна гІадлу хвезабурал лъимал ва эбел-эмен профучеталда лъеялъе, гьезда протоколал гьариялъе ва тІад штрафал лъеялъе. Кколел идарабазе кьуна гьединазулгун хІалтІи гьабиялъе тІадкъаял.

15 Май - халкъазда гьоркьосеб хъизаналъул Къо

# КІудияб хъизан – кІудияб талихІ

## (Халкъазда гьоркьосеб хъизаналъул Къоялде)



**«Эбел-инсул рукъ – киналъего байбихьи**
**Дир гІумроялъулъги ракІ чІараб чІел»...**
***(Михаил Рабинин)***

Щивав чиясе бокьула ва ракІ-ракІалъ къимат гьабула жиндирго рукъалъул. Гьеб кколелъулха чиясул кинабго квешабщиналдаса живго цІунулеб хъалалъун. Гьенив киназдаго вичІчІула рукъалъул чи, захІматаб заманалда щола кумек-кверчІвай. Гьеле гьеб ккола хъизан...

Хъизаналъулъ щивасул буго цІакъго кІудияб роль. Гьелда бараб буго щивав чиясул дунялалъул тІоцебесеб хадувгІунтІи, гьеб цебечІезаби. Гьелъин кинаб чиясул хъизан батаниги гьединавлъун вукІунев чиги.

ГъазимухІамадов ХІусен ГъазимухІамадович ккола Генуб росулъа, гьавуна I949 соналда Базарганов ГъазимухІамадилги Батырова ГІайшатилги хъизаналда. Хъизан букІана кІудияб, лъимал гІемераб, анкьго лъимал – щуго яц ва кІиго вац ругеб. Хъизаналда лъималазе тарбия кьуна магІарулазул гІадаталда, куцана ритІухълъиялде ва ракІ бацІалъиялде. ХІусен цІалана Буйнакскиялъул педучилищеялда. Рокъоб цІали букІана аслияблъун, кІиго яцалъги лъугІизабуна гьебго педучилище ва хІалтІана школалда учительзабилъун.

«Дир эбел йикІана лъай щвечІей гІадан, амма гІемерал малъа-хъваял гьарулаан гьелъ гьанжесел педагогазе тарбия кьеялъул ишалъулъ пайда бук1инел г1адал. ГІемерал лъимал ругеб хъизаналда захІмалъаби камун рукІунаро ва гьедин кІудияб хъизан хьихьизе бигьагоги букІунаро. Цоги рахъалъ тарбия кьеялъул рахъ чІахІияз жидедего босула. Хасго кІудияй яцалъ, вацас битІараб нухде ккезавуна дунги. Гьелъухъ дун гьезие ракІ-ракІалъ налъулавлъун вуго»,-ян абула гьанже ХІусеница.

I966 соналда лъугІана гьесул школа ва вацасул гІакълуялда рекъон лъугьана медучилищеялде стоматологлъун цІализе, амма лъагІалидасан бичІчІана гьеб жиндир хІалтІи гуреблъи. Гьес гІемер цІалулаан литература ва рокьиги букІана тарихалде. Гьедин I969 соналда цІализе лъугьана ДГУялъул историялъул факультеталде. ЛъугІарабго гІагараб школалда хІалтІана. Гьенив хІалтІана 23 соналъ, гьелдасан 2I соналъ х1алт1ана директорлъун.

I997 соналда ХІусен ГъазимухІамадов вачуна районалъул социалияб рахъалъ гІадамал цІуниялъул управлениялде. Хадув чанго соналъ хІалтІана «Унсоколо район» МОялда. «Гьединаб къокъаб буго дир халатаб гІумроялъул нух»,-ян абула гьанже ХІусеница. Кив хІалтІаниги гьес живго вихьизавуна махщел бугев, ракІ бацІцІадав, ритІухъав инсанлъун. Кивго вукІана гьев жиндирго иш лъалевлъун.

Студентлъун вукІаго, ай I97I соналда ячана ХІусеница чІужу - Пат1имат. Гьей ккола медсестра. Чанго соналъ гьейги хІалтІана социалияб рахъалъ гІадамал цІуниялъул комплекснияб централда. Гьениб хъулухъ гьабуна рагъул гІахьалчагІазе. Руго щуго лъимал. КІудияв вас ГъазимухІамад унев вуго инсул нухдасан, хІалтІулев вуго Генуб школалда тарихалъул учительлъун. Жигараб гІахьаллъи гьабула росдал ва школалъул гІумроялъулъ, вуго росдал гІолилазул организациялъул нухмалъулевлъун. ГъазимухІамадилги буго гІемерлъимал ругеб хъизан, гьесул руго 4 лъимал. Шамилил буго финансовиябгун экономикияб лъай, хІалтІулев вуго бухгалтерлъун. Гьев ккола лъикІав спортсмен, хІалаан «СулакЭнерго» командаялда, вукІана Дагъистаналъул тІаса бищараб командаялда гьоркьовги.

Яс ГІайшат ккола социалияй хІалтІухъан, 4 лъимадул эбел.

Советияб заманалда ХІусеница жигараб гІахьаллъи гьабулаан росдал ва районалъул общественнияб гІумроялъулъ. ВукІана халкъазда гьоркьосеб темаялда лектор-пропагандистлъун. Бокьулаан спорт. ГІумроялъул нухдасан ана ракІчІун, буго щулияб хъизан, цоцазулъ адаб. Гьединго гьесул хъизан ккола имам Шамилил кьибилалдасан бачІараб, гІумро гьабулелги руго гьесул букІараб минаялъур.

КІудияб хъизан букІин буго талихІ. Жиндирго хъизан-лъималаздаса рохизе рес ккечІо кІудиял эбел-инсуе, гьел гьанже гьалгун гьечІо. ХІусенилги ПатІиматилги абуни руго I2 гьайбатал лъималазул лъимал; 6 яс ва 6 вас. ГІемер гІодор чІола хъизан чайдул чашкаялда нахъа, рикьула гьелда нахъа цоцазул ургъелал. Кибха гьедин гьабилеб, бищунго нилъееги рокьулел нилъги рокьулел гІадамазда аскІоб гурони. Гьениб гІадаб гІакъло киб щолеб?

Хъизан гьеб ккола бокьарав чиясул унго-унгояб мугъ чІвалеб бакІ. Гьел ккола нилъер эбел-эмен ва нилъер гІумроялъулъ аслиял гІадамал. Гьезие нилъ кидаго налъулаллъун руго, гІодобе биччараб, санагІатаб эбел-инсулаб рукъалъул асаралъухъ.

**РахІмат КЪЕБЕДМУХІАМАДОВА.**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 21 (7317)
18 Май 2018 сон



**КIал буго жужахIалдаса цIунулеб къолден, кIал ккурасул кIалдиса букIунеб махIги Аллагьасда аскIоб цIикIкIун лъикIаб буго мискалдасаги. Нужер цонигияс кIал ккураб мехалъ хъубал рагIаби абуге, шаргIалъул гIорхъабиги рахунге. Цониги чи гьесде вагьани яги хьандани, гьес абе дица кIал ккун буго»,-ян.**

Динияб гъумер

# Рамазан - мунагьал чурулеб моцI

Тирмизиясги, ибну Мажигьицаги, ХIакимицаги, Аллагь разилъаяв Абу Гьарарайтидасан бицана, салат, салам лъеяв Аварагас абунила: «Рамазан моцI тIаде щвараб мехалда Алжаналъул нуцIби рагьула, жужахIалъул къала, шайтIаби рахсаз рухьуна. Аллагьасул рахъалдасан хитIаб гьабизеги тIамула: «Ле, лъикIлъи тIалаб гьабулев чи, гьале гьанже хIаракат бахъе лъикIлъи гьабизе! Ле, квешлъиялда хадув лъугьарав чи, дуца квешлъи чIезе те!». ПалхIасил, Рамазани ккола нилъее щвараб рахIматазулги нигIматазулги гIор.




«Нузгьатул Мажлис» абулеб тIехьалда хъвалеб буго, Аварагас (с. т. гI. в.) абунила: «Рамазан моцIалда гIелмуялъул мажлисалде вачIунев щив чи вугониги, гьесие гали рикIкIун лъагIалица гьабураб гIибадаталъул кири хъвалилан ва гьев чи къиямасеб къоялда ГIаршалъул рагIдукь дунгун цадахъ вукIунилан. Гьеб моцIалда жамагIат гьарун ралел каказда гIахьаллъарав щив чи вугониги, гьесие щибаб ракагIат рикIкIун Алжаналда нуралъул хъала балилан. Рамазаналда эбел-эмен рази гьарун, гьезие мутIигIлъун, квер гIунтIулеб жоялдалъун гьезие лъикIлъи гьабулев чиясухъ ТIадегIанав Аллагь рахIматалдалъун валагьулилан. Гьеб моцIалда рос рази гьаюрай чIужугIаданалъе Марьямие, Асиятие кьураб гIадаб кири кьолила. Гьеб моцIалда лъица букIаниги лъимал гIемераб хъизаналъе садакъа кьуни ТIадегIанав Аллагьас гьесие аза-азар лъикIлъи хъвалилан ва гьесул даражаги тIадегIан гьабилилан». Нилъеца гьеб хIалалда щиб лъикIлъи гьабуниги, Къуръан цIали букIа, Аварагасде (с. т. гI. в.) салават битIи букIа, таравихIазул каказде хьвади букIа, цоцазда тIаса лъугьин букIа, ай нилъеца гьабурабщинаб лъикIаб гIамалалъул кириги даражаги цIикIкIинабула ТIадегIанав Аллагьас. Гьеле гьеб буго жибго Рамазан моцIалъул хиралъи.

Аллагь разилъаяв имам Гъазалияс абулеб буго, кьучIал хIадисазда мугъчIвайги гьабун, кIал ккvей иманалъул ункъго бутIа гьабун цо бутIа кколилан. Муслим Бухариясдасан Аллагь разилъаяв Абу Гьурайратица бицараб кьучIаб хIадисалдаги буго: Аварагас (с. т. гI. в.) бицанила, ТIадегIанав Аллагьас абунин: «Кинабниги лъикIабщинаб гIамал анцIгоялдаса бахъараб анкьнусгоялде щвезегIан цIикIкIинабула цохIо кIал ккvей хутIун. Гьеб буго дир иш, дица кьезе буго гьелъие ажруги». КIал ккvеялъул хиралъи цIакьго кIудияб букIиналъе нугIлъи гьабула Муслим Бухарияс Абу-Гьурайратида бицараб хадусеб кьучIаб хIадисалъги.

«Дир напсалъул кверщел жиндихъ бугев АллагьасхIаги,-ян гьедулев вуго Авараг (с. т. гI. в.) – кIал ккурав чиясул ургьиса бачIунеб махI Аллагьасда аскIоб мискалдасул махIалдаса гьуинаб буго». ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Лагъас дие гIоло напсалъе бокьараб жоги толеб буго: кваналеб квенги, гьекъолеб лъимиги, гьединлъидал кIал дир буго»-абун. Гьединго Муслим Бухарияс Аллагь разилъаяв Сагълу ибну СагIдида бицана Аварагас (с. т. гI. в.) абунила: «Алжаналда цо нуцIа буго, Раян абун жинда цIар бугеб, жинда жанисан гIицIго кIал ккурав чи гурони Алжаналде лъугьунареб. Гьеб нуцIихъан лъугьарав чиясе ТIадегIанав Аллагь вихьизе къотIиги буго»,-ян.

Гьанже пикру гьабеха, газета цIалулел диналъул вацалги яцалги, Аллагь вихьиялдаса кIудияб талихI кинаб букIинеб нилъее, гьеб буго Алжаналда жанибги бугеб Алжан. Гьеле гьединаб даража щолеб буго кIал ккурал чагIазе.

Цоги хIадисалда буго ТIадегIанав Аллагьас кIалал кколел чагIазда чIухIун малаикзабазда абулила: «Я дир малаикзаби! Нуж ралагье цо дие гIоло, квенги, лъимиги, шагьватги, лазатги толеб буго». Нахъеги гIемерал хIадисалги калимабиги рехсезе бегьула кIал ккvеялъул даражаялъул бицунел.

КIал ккvеялъул руго гIемерал пайдабиги хIикмалъабиги. ТIоцебесеб иргаялда, черхалъе захIмалъи гуро букIунеб, гьелъие щола сахлъи. Салат-салам лъеяв Аварагас абун буго: «Нужеца кIал ккве, нужго сахлъизе»,-абун.

Нилъее якъинаб жо буго, кIал ккvеялъ черх тIадагьлъизабулеблъи, Аллагьасе гIибадат гьабиялде жеги гьира базабулеблъи ва чиясул пикруги лъикIго хIалтIулеблъи. Кидаго гIорцIун ругел гIадамазда ракьи жиб жояли лъаларо, живго гIорцIарасда вакъарасул хIал лъаларилан абиги гьечIищха. КIал ккун вакъарав чиясда гьелъул хIал лъала ва кваназе жо щоларел язихъал гIадамазда гурхIизе бачIуна.

## ТаравихIазул кири




ГIалиасхIабас бицунеб буго «Дица цо нухалъ Аварагасда (с. т. гI. в.) цIехана таравихIазул каказул хиралъиялъул хIакъалъулъ ва Аваргас (с. т. гI. в.) абуна:

I-себ сордоялъ таравихIал рарасул Аллагьас мунагьал чурула.

2-леб сордоялъ таравихIал рарасул ва гьесул эбел-инсул, гьел бусурбаби ратани, мунагьал чурула.

3-леб сордоялъ таравихIал рани, ГIарщалда гьоркьан малаикас ахIула; «ХIакълъунго Аллагь вацIцIадав вуго ва тIадегIанав вуго. Гьес дур цере аралщинал мунагьал чурана.

4-леб сордоялъ таравихIал рарасе хъвала Таврат, Инжил, Забур, Къуръан цIаларасе гIанисеб кири.

5-леб сордоялъ таравихIал рарасе Масжидул хIарамалда, Мадинаялъул масжидалда ва масжидул Акъваялда какал разазул кири хъвала.

6-леб сордоялъ таравихIал рарасе кьола «Байтул магI-муралда» сверун тIавап гьабурав чиясе кьолебгIан кири.

7-леб сордоялъ таравихIал рарав чи Аллагьас ПиргIавнide данде вахъарав Мусал макъамалде вахинавула.

8-леб сордоялъ таравихIал рарав чиясе Аллагьас Ибрагьим аварагасул макъам кьола.

9-леб сордоялъ таравихIал рарав Аллагьасде гIагарав ла-гьасда бащалъула.

I0-леб сордоялъ таравихIал рарасул кваналеб жоялде Аллагьас баракат лъела.

II-леб сордоялъ таравихIал рарас гьаб дунял тела лъимералъ эбелалъул тIончIорукъ гIадин бокьун.

I2-леб сордоялъ таравихIал рарав Къиямасеб къоялъ бакъ гIадин гвангъун гъумергун вахъина.

I3-леб сордоялъ таравихIал рарав киналго балагьаздаса цIунаравлъун вукIина.

I4-леб сордоялъ таравихIал рарав малаикзабаз нугIлъиги гьабун Аллагьас Къиямасеб къоялъ цIунаравлъун вукIина.

I5-леб сордоялъ таравихIал рарасе малаикзабаз, хасго ГIарщ баччараз рецц гьабила.

I6-леб сордоялъ таравихIал рарав ЖужахIалдаса хвасар гьавун Алжаналде витIила.

I7-леб сордоялъ таравихIал рарасе Аллагьас жиндаго аскIоб кIудияб даража кьела.

I8-леб сордоялъ таравихIал рарасде Аллагьас ахIила «Я гьав, Дир лагъ, Дун дудасаги дур эбел-инсудасаги рази вуго».

I9-леб сордоялъ рани, гьев Фирдавус алжаналъул да-ражаялде вахинавила.

20-леб сордоялъ рани, гьесие Аллагьас шагьидзабазе ва лъикIал лагъзадерие гIадаб кири хъвала.

2I-леб сордоялъги рани, Аллагьас гьесие алжаналъуб нуралъул хъала бала.

22-леб сордоялъ рани, гьев чи ургъел-къварилъабаздаса божарав чи вукIуна.

23-леб сордоялъги рани, Аллагьас гьесие Алжаналъуб шагьар бала.

24-леб сордоялъ рани, Аллагьас гьесул дугIаби къабул гьарила.

25-леб сордоялъги рани, гьев хабал гIазабаздаса хвасар гьавила.

26-леб сордоялъ рани, Аллагьасда аскIоб гьесул бугеб даража 40 нухалъ цIикIкIина.

27-леб сордоялъ рани, гьев чи СиратIалъул кьодасан пиригIан хехго ина.

28-леб сордоялъги рани, гьесие Аллагьас Алжаналдасан I000 даража цIикIкIинабила.

29-леб сордоялъ рани, Аллагьас абила: «Я Дир лагъ, дуца лазат босе Алжаналъул пихъаздаса ва гьекъе Кавсар гIоралдаса, дун мун вижарав вуго, мун дир лагъ вуго».

**Гьедин хира гьарурал какал ккола таравихIазул какал. Воре жигар бахъе кIванагIан мажгитазда, жамагIаталда цадахъ таравихIал разе.**

## КIал бецIи

Рамазан моцIалъ хутIарал кIалал рецIизе ккола кIванагIан хехго, тIасияб Рамазан тIаде щвезегIан нахъ тIамун течIого. КIвечIони, кIалалъул налъулас, кIал бецIизе гуребги, гIакIа хIисабалда, мискинчи кваназавизеги ккола. ХутIараб кIал ва гьелъие гIоло кьолеб гIакIа бараб букIуна биххиялъе яльуни биччаялъе букIараб гIиллаялдаги. Унтун гьеб хутIун батани, налъулас гьеб бецIула сахлъун хадуб ва гIакIа тIаде ккоаро. СахлъичIого гьев хвани, мунагь букIунаро. Ресги букIаго, хутIараб кIалги бецIичIого, чи хвани, гьесие гIоло гьеб бецIизе ккола



бищун гIагарал гIадамаз.

ГIайшатица (р. гI.) бицараб хIадис буго: «Аллагьас, Расулас (с. т. гI. в.) хIакъаб куцалъ абуна: кIал бецIиялъул налъиги нахъе тун хварасул бакIалда гьеб ккола гIагараз». (Бицана Бухарияс ва Муслимица).

Херлъиялъ паризаяб кIал биччарав чиясдаса гIакIа бахъизе ккола. Гьес бикьизе ккола садакъа, яльуни кваназавизе ккола мискинчи. КIалал гьесда рецIизе тIалъуларо.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 21 (7317)*
*Рузман*
*18 Май 2018 сон*



**С а д о в о д**

# Родители, уделяйте больше времени детям!




Суицид – умышленное самоповреждение со смертельными исходом, (лишение себя жизни). Психологический смысл суицида чаще всего заключается в отреагировании аффекта, снятии эмоционального напряжения, ухода от той ситуации, в которой волей неволей оказывается человек. Люди, совершающие суицид, обычно страдают от сильной душевной боли и находятся в состоянии стресса, а также чувствуют невозможность справиться со своими проблемами.

**Причины появления суицида**

Отсутствие доброжелательного внимания со стороны взрослых;
Резкое повышение общего ритма жизни;
Социально – экономическая дестабилизация;
Алкоголизм и наркомания среди родителей;
Жестокое обращение с подростком, психологическое и физическое насилие;
Алкоголизм и наркомания среди подростков;
Неуверенность в завтрашнем дне;
Отсутствие морально – этических ценностей;
Потеря смысла жизни;
Низкая самооценка, трудности в самоопределении;
Бедность эмоциональной и интеллектуальной жизни;
Безответная любовь;
Социальные сети.

**Родители, уделяйте больше времени детям**

Установите заботливые отношения с ребенком;
Будьте внимательным слушателем;
Будьте искренними в общении, спокойно и доходчиво спрашивайте о тревожной ситуации;
Помогите определить источник психического дискомфорта;
Вселяйте надежду, что все проблемы можно решить конструктивно;
Помогите ребенку осознать его личностные ресурсы;
Окажите поддержку в успешной реализации ребенка в настоящем и помогите определить перспективу на будущее;
Контролируйте социальные страницы в мобильных телефонах, компьютерах.

**ОМВД России по Унцукульскому району.**

# Внимание: **Объявление!**

Агентство по предпринимательству и инвестициям Республики Дагестан информирует, что Мобильный проектный офис совместно Мобильным консультационным центром, действующий при Агентстве, оказывает консультации субъектам малого и среднего предпринимательства муниципальным служащим и гражданам, желающим организовать собственное дело по направлениям деятельности, в том числе по вопросам регистрации и юридических лиц, основам предпринимательской деятельности, налогообложения, кредитования, формам и видам государственной поддержки, защиты предпринимателей при проведении государственных проверок, бизнес планирования, бухгалтерского учета, маркетингового, информационного, патент лицензионного сопровождения, участия в государственных закупках и т. д. По необходимости к мероприятиям будут привлекаться и представители других федеральных и республиканских органов исполнительной власти.

Консультации оказываются в том числе и с выездом в города и районные центры республики.

**Выезд в Унцукульский район запланирован на 13 июня 2018 года.**

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Многофункциональных центрах РД начался прием заявок и документации на получение грантов Министерства сельского хозяйства и продовольствия РД. С 11 по 30 мая, обратившись в любой из центров «Мои документы» можно будет подать заявку на участие в открытом конкурсе по отбору участников мероприятий по развитию семейных животноводческих ферм и поддержки.

# МВД Дагестана разъяснило ответственность за финансирование террористических организаций

МАХАЧКАЛА, 10 мая – РИА «Дагестан». Министерство внутренних дел по РД разъяснило последствия, которые могут коснуться юридических и физических лиц за оказание финансовой поддержки террористическим и экстремистским организациям.

«Под финансированием терроризма понимается предоставление или сбор средств, либо оказание денежных услуг для финансирования организации, незаконного вооруженного формирования, преступного сообщества (преступной организации) для подготовки или совершения преступлений, предусмотренных статьями 205, 205.1, 205.2, 205.3, 205.4, 205.5, 206, 208, 211, 220, 221, 277, 278, 279 и 360 УК РФ», – отметил источник.

Работа в этом направлении является одной из приоритетных в МВД Дагестана. Сотрудниками полиции продолжается комплекс мероприятий, направленных на проверку поступающей информации о фактах финансирования членов НВФ, выехавших для участия в боевых действиях на территории других государств. В этих целях подготавливаются соответствующие запросы в банковские учреждения, проводится постоянный мониторинг возможного использования счетов в указанных целях. Также ведется работа для выявления различного рода коммерческих организаций, сотрудники которых возможно оказывают финансовую помощь членам НВФ.

«В результате прово-димых мероприятий с начала текущего года зарегистрировано 6 прес-туплений: 4 факта – по ч. 1 ст. 208 УК РФ (организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем) и 2 факта – по ч. 4 ст. 205.1 УК РФ (содействие террористической дея-тельности). Раскрыто 2 преступления, одно направлено в суд. Работа в этом направлении находится на постоянном контроле у руководства МВД по РД», – рассказали в ведомстве.

Кроме того, в министерстве сообщили, что наряду с уголовной ответственностью за финансирование терроризма Российское законодательство устанавливает и административную ответственность.

Так, согласно ст. 15.27 КоАП РФ неисполнение требований законодательства о противодействий легализации (отмыванию) доходов, полученных преступным путем, и финансирование терроризма влечет наложение административного штрафа от 50 тыс. руб. до 1 млн руб. или административное приостановление деятельности до 90 суток в отношении юридических лиц и наложение административного штрафа от 10 тыс. руб. до 50 тыс. руб. или дисквалификацию на срок от 1 года до 3 лет в отношении должностных лиц.

В ст. 15.27.1 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность в виде административного штрафа на юридических лиц от 16 до 60 млн. рублей за совершение преступлений, предусмотренных статьями 205, 205.1, 205.2, 205.3, 205.4, 205.5, 206, 208, 211, 220, 221, 277, 278, 279, 360 и 361 Уголовного кодекса Российской Федерации.

Дети войны

# Низкий поклон, вам!



Дети войны - это наши с тобою родители
Дети войны, не снискавшие звёзд победителей.
Не было им ни регалий, ни воинских почестей,
Но до земли поклониться сегодня им хочется.
Это они - в одночасье, в момент повзрослевшие,
Дети войны, с малолетства порой поседевшие.
Сколько заботы свалилось на детские плечики
Сколько работы с утра и до позднего вечера!
Это они - воевавших отцов заменившие,
Ночи и дни зажигалки на крышах тушившие.
Это они - у станков по две нормы дававшие,
Полуголодные, хрупкие, толком не спавшие.
Это они - на полях урожай собиравшие,
В холод и в дождь, и промокшие, и замерзавшие.
Не довелось догулять, доиграть, доревзиться
Так уж пришлось - надо было для фронта трудиться.
В страшной войне, не свершив ни единого выстрела,
Нашей стране помогли победить вы и выстоять.
Низкий поклон вам, любимые наши родители,
Дети войны, не вошедшие в ранг победителей.

Один из этих детей войны является Маликов Магомедгаджи Алистанович. Отец умер, когда был ему один год. Он был совсем ребенком, он очень хорошо помнит тяготы и лишения тех военных времен. Помнится, ему как он с малых лет наравне с матерью работал и зарабатывали с ней на жизнь. Его семья выращивала и возила продавать яблоки и другие фрукты со своего сада в город Буйнакск. При том они ходили пешком, и по его словам, самым сложным для него и был этот путь. А мать, чтобы заработать для семьи ехала даже в Саратов, чтобы продать фрукты со своего сада . Детство было очень сложным, как и у большинства в то время. Зарабатывалась на хлеб очень трудно. Нехватка продуктов питания была на столько огромная, что люди, как и семья Маликовых перемалывали семена хурмы для муки.

Также учеба в школе ему тоже очень сложно удавалась, может из-за работы он все вместе не успевал.

22 ноября 1965 года Магомедгаджи женился, сейчас у него пять сыновей и две дочери. Он достойно воспитал своих детей, сделал все от него зависящее, чтобы они ни в чем не нуждались. Всем сыновьям он построил дома.

Столько лет прошло после войны, но он помнит все как будто это было вчера и часто рассказывает своим внукам и детям про тяготы войны, и наставляет их беречь то, что есть, а особенно хлеб.

И в этот день - День Победы,Маликов Магомедгаджи поздравляет всех в этот счастливый для всех день, тех кто участвовал в кровавой войне и отдал жизни за спокойствие поколений, почтение и уважение тем, кто вернулись, всем ветеранам, поздравляет детей войны с днем Великой Победы, желает всем мира и добра.

**Р. КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

# ГІадамазе кумек бугеб хІалтІи

*(ТІолгодунялалъул медсестрабазул Къоялде)*



Дур хІалтІи гІадамазе кумек гъабизе ракІалъ ахІараб бугони – гъеб ккола дур рекІел ахІи гуребги, унго-унгояб, рекІее асар гъаби бугеб хІалтІи ва гъелъул тІолабго обществоялъе кумекги букІуна. ХІалтІуде байрамалде гІадин унел ругони, унго-унголъунги гъеб уна гІадамазе пайдагун, ай гъеб ккола унго-унголъун махщеллъун. Гъединаб гІадамазе пайдаяб махщел буго медицинаялъул сестраялъул.

ДагІба гъечІо, аслиял качестваби медсестраялъул рукІине ккола гурхІел боголъи, унтараcда ракІ букІин, бацІцІадго жавабчилъиялда тІадаб хІалтІи гъаби. Щибго нахъе къачІого киналго гъел качестваби чорхолъ ругин абизе бегьула Раисат Ражабовалъул. Гъединаллъун рукІинеги ккола медсестраби.

Раисат ккола Шамильхъалаялъул республикаялъул районазда гьоркьсеб гІемерпрофилнияб больницаялъул хирургиялъулаб отделениялъул медсестра. Жийго гьей ккола Гъуниб районалъул КІкІуядаса, гьений гьаюна, гІуна. Школа лъугІун хадуй цІализе лъугьана Буйнаскиялъул медучилищеялде, хадуй ана росасе. 1988 соналда росгун ячІана Шамилькъалаялде. Рос учительлъун, гьесул божарай нухцадахъ гІадин Раисат больницаялде хІалтІизе лъугьана. ГьабсагІаталдаги гьенийго хІалтІулей йиго. Гьале 30 соналъ хІалтІулей йиго Раисат гьений ва щибаб къойил хІалтІуде уна гІадамазе кумек гьабизе, обществоялъе пайдаяйлъун йикІине нигатгун.

ТІадегІанаб категориялъул медсестра гурейги гьелъул руго сертификаталги. Гьел ккола сертификат-реаниматолог, анестезиолог, операциялъулай сестра. ГьитІинго анищ гьабулаан Раисатица гІадамазе пайдаялъе медсестралъул яхьине ва кидаго ракІ-ракІалъ юхьарайлъун хутІана гьей медицинаялда.

КІиго лъимал руго гьелъул; вас ва яс. Экономическияб рахъалъги цІалун вас вахъана банкирлъун, эбелалъул махщел тІаса бищана ясалъ ва гьабсагІаталда МахІачхъалаялда цо больницаялда х1алт1у-лей йиго.

Цоги районалдаса йигониги Раисатица Унсоколо район ва гьелъул гІадамал рикІкІуна жиндиргояллъун. Чан сон гьаниб араб, жеги хІайранлъула гьай гьезул гІадамазул гьоболлъи-гьудуллъиялъул мухІ-канлъиялъ. РакІ-ракІалъ налъулай йигин гьезие кинабгІаги ракІ бахъараб рагІи абун, яги квешалъе кІалъан гьез къварид гьайичІолъиялъ,-ян абула жакъа Раисатица.

Жиндаго цадахъ хІалтІулездаса гІорхъи тун чІухІарай йиго Раисат, гьез жиндирго гьабулеб къадру-къиматалъ гІагарал гІадамаллъун лъугьун руго гьелъие гьел ва Раисатица рикІкІунеб буго хІакъикъаталдаги гьадин цоцалъ гъункараб букІине кколин гІадамасул гІумроялъул ва сахлъиялъул жаваб къолеб коллектив,-абун. Гьеб гуребги больницаялъул коллективалдаги цІикІкІараб къадру-къимат буго Раисатил. Больницаялъул бетІерав врач З. ГІабдумутІалимовналъ бихьизабуна Раисат йигин жиндирго иш лъикІго лъалей ва унтаразда гурхІел бугей хІалтІухъан,-абун.

ХІалтІулал саназда цониги нухалъ ккечІо коллективалда ва пациентазда гьоркьор цоцада ричІчІунгутІи,-ян ракІалде щвезабула гьалъ. Бищунго гьелъул ракІ бохулеб жо бугоан унтаразе бищунго рокьулел хІалтІухъабаздасан цояй гьей йикІин. Кидадай гьей палатаялъуе ячІина,-ян рукІуна унтарал. ГІицІго процедураби гьариялда лъугІуларелъулха гьелъул ячІин. Раисатица хІеренаб каламалдалъун, малъа-хъвазадалъун, рекІел хинлъиялдалъун гІодоре риччазарула унтарал. Гьеб абуни сахлъи тІад буссинабиялъе бищунго хІажатаб рахъ ккола.

Дирго рахъалъ гьей ракІ лъикІай, медицинаялъул рахъалъ камилаб махщел бугей, гьайбатай гІаданалъе ракІ-ракІалъ гьаризе бокьун буго хІалтІулъ битІккей, чорхое сахлъи, рокъоб талихІ!

**Мадина СУЛТАНОВА**

Спорт

# Баркула бергьенлъаби

Гьал къоязда Гъуниб районалъул КІкІуяда росулъ букІана М. ГІалиев ракІалде щвезавиялъе эркенаб гугариялъул турнир. Гьенир гІахьаллъана Унсоколо, Гъуниб, Болъихъ, ЧІарада, ЦІумада, Хьаргаби ва цогидалги районазул командаби. Къецазул аслияб мурад букІана гІолилазул сахаб гІумро гьабиялде пикро буссинаби.

Турниралда 38 кг. цІайиялда нилъер районалъул ГьаракІуни росулъа гІолилав Ильяс ХІажиевас лъабабилеб бакІ ккуна.

Цебе, гьаб соналъул 29 апрелалда Чачан республикаялъул Грозный шагьаралда тІоритІарал къецаздаги ХІажиевас гьебго гугариялда ккун букІана кІиабилеб бакІ.

Ильяс ХІажиев ккола гІолохьанав спортсмен, гІумро гьабун вуго Шамильхъалаялда (тренер И-Гъ. МухІамадшапиев).

РакІ-ракІалъ баркула гІолиласда бергьенлъаби!



**Сураталда:** Ильяс Х1АЖИЕВ

*Пайдаяб малъи*

# РакІалда жо чІей лъикІлъиялъе

**(БотІрониб гІакъло жубай бугони, организмалда магния гІолеб гьечІони, рукІунел гІаламатал)**

1. Сундасаго цебе букІуна загІиплъи, хехго свакала. Халатаб заманаялъ кьижаниги свакалъул асар чорхолъа унаро.

2. Макьил качество хола магния дагьлъун бугони, макьу тІаса-масаго бугони, гьваридаб гьечІони, нужеда батІи-батІиял хьуял рагІулел ругони – гьеб ккола магния дагьлъун букІин бичІчІизабулел хІужаби. Макьилъ гІала-гьважа бихьулеб бугони ва цІакъго гІетІ балеб бугониги буго гьебго гІилла.

3. ГІемерисеб мехалда чорхолъ магния гІолеб гьечІони букІине бегьула тІадагьаб ракІ багьари, токсинизал ругеб гІадаб хІал.

4. Магния гІолеб гьечІони унтула бакІ-бакІаздаса ччорбал ва бохдул, хасго бохдул унтула регараб мехалъ, букІуна кир гьел лъелелали лъалареб хІал. БакІ-бакІалдаса ччорбал теркІола, цІакъго дагьлъун бугони лъугьине бегьула щукІдул рукІкІин.

5. Черхалдасан цІунцІраби рекерулеб гІадаб хІал букІуна, кверал-хІатІазул килщал ккурал гІадин лъугьуна.

6. Магниялъ чорхолъ борхизабула серотониналъул къадар, гьеб ккола аслияб рохалил гормон. Кинабго жоялъул интерес хола, цо кинабалиго хІинкъи бачІуна, ракІ свине лъугьуна.




7. Цойги гІаламат буго; ботІролъ лъугьуна гІала-гьважа, пикру цойиде ккунгутІи букІуна.

8. Ахиралдаги магния дагьлъиялъ хехго ккола психологическияб травма, гьединал гІемераб мехалъ ургъел тІаса унарого рукІуна. Магния гьорлъ бугел препаратаз чорхолъ ругел загІипал рахъал цере тІезе толаро.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул редакциялъул хІалтІухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьелъул цеегосей хІалтІухъан

**МухІамадова Майсарат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьелъул васасда, ясазда ва тІолабго гІагарлъиялда. Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабун батаги.

Районалъул культураялъул отделалъул начальник ГІали ГІабдулаевасда ва тІолабго гІагарлъиялда гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго районалъул «Ахихъан» газеталъул хІалтІухъабаз вац

**ХІажи**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Ахираталда гьесда Аллагь гурхІун ватаги!

| Газета основана 1937 г. | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД | Адрес редакции: | Адрес издателя и типографии |
| --- | --- | --- | --- |
| УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | 51373<br>Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 11. 5. 18 г. 14. 20<br>фактически -17. 50 мин.<br>...........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |